

Nimewo Politik la EW38CS	
Dat li te Etabli: 25/08/2015	Dat li te Revize 3/2025
Moun ki te Otorize l: <i>Dixie Hudson</i>	

## POLITIK SOU SÈVIS FINANSYE POU PASYAN YO

### SIJÈ: FAKTIRASYON AK REKOUVREMAN

#### **OBJEKTIF :**

Se politik WellSpan Health, ansanm ak Politik Asistans Finansye li (Financial Assistance Policy, FAP), Rezime nan Langaj Senp li (Plain Language Summary, PLS) ak politik sou Faktirasyon ak Rekouvremman li a, pou suiv kondisyon lwa federal, eta ak lokal yo, san okinn limit, seksyon 501(r) Kòd Entènal Revni 1986 la, ak amandman li yo, ak tout règleman ki anba li yo. Politik sa a etabli mezi yo ka pran si yon moun pa peye swen medikal li te resevwa nan men WellSpan Health, ki gen ladan yo aksyon pou rekouvremman ak pote plent bay ajans kredi yo. Prensip direktè ki dèyè politik sa a se pou trete tout pasyan yo ak moun ki responsab yo menm jan avèk diyite ak respè pou asire ke yo suiv pwosedi faktirasyon ak rekouvremman ki apwopriye yo yon fason mèm jan an e asire ke nou fè yon efò rezonab pou detèmine si pasyan an oswa moun ki responsab pou peye tout ouswa yon pati nan kont yon pasyan elijib pou asistans nan kad politik WellSpan sou Asistans Finansye.

#### **POLITIK:**

##### **1. Notifikasyon Pandan Anrejistremman ak Egzeyat**

- a. Nan kad pwosesis anrejistremman pasyan oswa egzeyat pasyan, y ap ofri tout pasyan yo yon Rezime nan Langaj Senp (PLS) Politik sou Asistans Finansye a. Fòmilè aplikasyon yo ap disponib ni sou fòm papyè, ni sou fòm elektwonik pou asistans finansye nan kad FAP la.

##### **2. Voye yon Fakti Bay Twazyèm Pèsòn k ap Peye An**

- a. Se responsab pasyan an pou l prezante enfòmasyon asirans lasante li lè l ap entene, anrejistre, nan moman pre otorizasyon li ouswa pou li refize nètòt twazyèm pèsòn k ap peye ki disponib pou peye sèvis ke li bay. WellSpan Health pral eseye voye yon fakti bay tout twazyèm pèsòn pou sèvis ke li bay. Pasyan an responsab pou l asire ke WellSpan Health ak tout doktè k ap bay sèvis yo fè pati rezo a. Si WellSpan Health pa fè pati mèm rezo ak twazyèm pèsòn k ap peye a, pasyan an ap responsab andeyò rezo yo ke yo chaje, ki gen ladan yo koasirans,

kopeman, franchiz ak balans adisyonèl poutèt li andeyò rezo a ke yo pral faktire pasyan an. WellSpan Health pa patisipe nan plan lasante ki gen pri ki baze sou referans ki pa fè pati rezo yo.

### **3. Relve**

- a. Gen yon minimòm twa relve kont ke y ap voye nan lapòs nan dènye adrès ke yo konnen pou chak moun ki pote tèt kòm garan. Nou pa p voye okenn relve apre ke yon moun ki pote tèt li kòm garan soumèt yon aplikasyon konplè pou asistans finansye anba FAP oswa apre ke l finn peye nèt. Peryòd relve a ap dire pou 120 jou k ap kòmanse avèk premye relve apre egzeyat la. Se obligasyon garan an pou l bay yon adrès postal ki kòrèk nan moman sèvis la oswa lè l demenaje. Si yon kont pa gen yon adrès ki valab, detèminasyon “Efò Rezonab” lan jan li defini nan IRS 501(r) la ap fèt.
- b. Tout relve yo pou moun k ap peye a pwòp lajan pa yo ap enkli:
  - i. Yon rezime egzakt de tout sèvis ke relve a kouri
  - ii. Frè yo chaje pou sèvis sa yo; (nap bay yon eksplikasyon pou chak gren frè si yon moun mande nou pou sa)
  - iii. Yon avi ekri ki byen vizib ki notifiye epi enfòmè moun ki responsab la sou disponibilite Asistans Finansye anba FAP la ki gen ladan l nimewo telefòn depatman an ak adrès sit entenet dirèk lan kote l ka jwenn kopi dokiman yo.
  - iv. Montan an ke garan an dwe peye
- c. Omwen ke youn nan relve yo, nòmalman relve final la, ap gen ladan l yon avi ekri ki enfòmè garan an de plasman kont la nan yon ajans rekouvremant si moun ki pote tèt li garan an pa aplike pou asistans finansye anba FAP la oswa peye montan li dwe an avan ke dat ke fakti a di ke li ta dwe peye li. Yo dwe bay garan an relve sa a omwen ke 30 jou ke relve an bay kòm dènye dwat ke li ta dwe peye avan. Yon Rezime nan Langaj Senp (PLS) ap akonpanye relve sa a.

### **4. Notifikasyon Oral**

- a. Anvan ke yo mete yon kont nan yon ajans rekouvremant, n ap eseye kontakte garan an (yo) atrave de yon apèl telefòn, sou dènye nimewo telefòn ke nou genyen, si nou gen youn, omwen ke yon fwa pandan seri relve yo ke n ap voye nan lapòs oswa imèl la si kont la ret san peye. Pandan tout konvèsasyon sa yo, y ap enfòmè garan an sou asistans finansye ki ka disponib anba FAP.

### **5. Tretman Aplikasyon pou Asistans Finansye ki Enkonplè**

- a. Si yon moun ki pote tèt li garan soumèt yon aplikasyon enkonplè pou asistans finansye anba FAP an anva limit dènye dat aplikasyon an (240 jou ki kòmanse avèk premye relve apre egzeyat la), n ap suiv etap sa yo:

- i. Si sa aplikab, y ap mete kont la annatant avèk ajans rekouvremman an. (gade seksyon 12 pou detay adisyonèl)
- ii. WellSpan bay moun ki pote tèt li garan an yon notifikasyon ekri ki dekri enfòmasyon oswa dokiman adisyonèl ki nesèsè nan kad FAP la pou ranpli aplikasyon pou asistans finansye a. Notifikasyon an ap bay yon delè 30 jou lè Sèvis Finansye pou Pasyan (PFS) yo dwe resevwa enfòmasyon an. Anplis, notifikasyon ekri a ap gen ladan l enfòmasyon sou plasman kont la nan ajans rekouvremman an si aplikasyon an pa ranpli epi balans la pa peye.
- iii. Notifikasyon an ap gen ladan l kopi Rezime nan Langaj Senp FAP la.
- iv. Si moun ki pote tèt li garan ki te soumèt aplikasyon enkonplè a ranpli aplikasyon pou asistans finansye a epi PFS detèmine yon fason definitif ke moun ki responsab la pa elijib pou okenn asistans finansye nan kad FAP la:
  - 1. Y ap notifye moun ki pote tèt li garan an sou desizyon an.
  - 2. WellSpan Health ka reprann efò rekouvremman yo oswa voye kont la nan rekouvremman depi notifikasyon davans ekri 30 jou a te konplete epi peryòd 120 jou apre premye relve apre egzeyat la te respekte.
    - a. Si moun ki pote tèt li garan ki te soumèt aplikasyon enkonplè a ranpli aplikasyon pou asistans finansye a epi PFS detèmine ke moun ki pote tèt li garan an elijib pou asistans finansye nan kad FAP la:
      - i. Y ap aplike rabè asistans finansye ki apwopriye a sou balans kont la.
      - ii. Y ap notifye moun ki pote tèt li garan an sou desizyon an ak tout montan ki rete ke moun ki pote tèt li garan an dwe peye.
      - iii. Y ap pran tout mezi rezonab ki disponib yo pou retire kont ki apwouve a nan ajans rekouvremman yo.

## **6. Tretman Aplikasyon pou Asistans Finansye ki Konplè**

- a. Si yon moun ki pote tèt li garan soumèt yon aplikasyon konplè pou asistans finansye nan kad FAP la anvan dat limit aplikasyon an (240 jou ki kòmanse avèk premye relve apre egzeyat la), y ap suiv etap sa yo:
  - i. Si sa aplikab, y ap sispann efò rekouvremman yo. (gade nan seksyon 8 pou jwenn detay adisyonèl)
  - ii. Y ap aplike rabè asistans finansye ki apwopriye a sou balans kont la.
  - iii. Y ap notifye garan an sou desizyon an ak tout montan ki rete ke garan an dwe peye.

## 7. Rabè pou revni ki ant 351-400% FPL (Gid Provete Federal lan)

- a. Pasyan yo/garan yo ki ranpli yon aplikasyon pou Asistans Finansye ke revni yo tonbe ant 351-400% nivo FPL lan ki se Gid Povrete Federal lan epi ki satisfè tout lòt kalifikasyon Asistans Finansye yo ap elijib pou yon rabè 40% sou balans kont moun k ap peye ak pwòp lajan pa yo.

Kantite Manm Fanmi	351% ak 400% (Rabè 40%)
1	\$62,600
2	\$84,600
3	\$106,600
4	\$128,600
5	\$150,600
6	\$172,600
7	\$194,600
8	\$216,600

Pou fanmi ki gen plis pase uit manm, ajoute \$5,500 pou chak manm adisyonèl.

### Gid pou Byen Likid

1 endividi moun - \$25,000 limit

byen

Koup - \$30,000 limit byen

Y ap fè ajisteman avèk kòd Epic: 9238

## 8. Tablo Frè Yo pou WellSpan York Hospital Dental Center / Hoodner Dental Center ki baze sou kantite revni yon pasyan fè pou li elijib

- a. Pasyan WellSpan York Hospital Dental Center ak Hoodner Dental Center yo pral resevwa rabè nan kategori suivan yo jan sa endike nan Tablo Frè pou Sèvis Dantè ki baze sou revni pasyan yo selon de FPL yo ki se nivo povrete federal yo apre ke yo finn ranpli aplikasyon pou Asistans Finansye yo epui ke yo apwouve l.

Kategori I: Pasyan ke revni yo mwens ke ouswa egal a 300% Gid Povrete Federal lan

Kategori II: Pasyan ki ant 301% ak 350% Kategori Gid Povrete Federal lan

Kategori III: Pasyan yo ki ant 351% ak 400% Gid Povrete Federal lan

Ajisteman yo ap fèt avèk kòd Epic: 9239

Kategori IV: Pasyan ki nan 401% nivo povrete a ak plis ke sa pa kalifye pou asistans finansye. Sepandan, tout pasyan ki pa asire kalifye pou yon rabè “san asirans” 20%, kèlkeswa revni l.

**TABLO FRÈ VARYAB LAN SELON DE REVNI – SÈVIS DANTÈ**

Tip Pwosedì Yo	Kategori I	Kategori II	Kategori III	Kategori IV
<i>Pwosedì Jeneral Yo (prevantif, reparasyon debaz, kanal radikilè ak ekstraksyon)</i>	Rabè 70%	Rabè 40%	Rabè 30%	Rabè 20% disponib pou moun ki san asirans
<i>Pwosedì avèk Frè Laboratwa yo (kouwòn, fo dan, pon, eksetera)</i>	50% rabè	40% rabè	30% rabè	
<i>Pwosedì estetik ak Enplantasyon dantè</i>	Pa gen rabè disponib			

## 9. WellSpan Eye Center (Sant Zye Wellspan)

**TABLO FRÈ VARYAB LAN SELON DE REVNI- SÈVIS VIZYON MEDIKAL**

Tip Pwosedì	Kategori I	Kategori II	Kategori III	Kategori IV
<i>Frè tout Pwofesyonèl Medikal yo ki enkli Tès Espesyal</i>	Rabè 100%	Rabè 70%	Rabè 40%	Rabè san asirans 20% disponib
<i>Tout Pwosedì ki Nesesè Medikalman ak Frè Laboratwa yo</i>	Rabè 50%	Rabè 40%	Rabè 30%	

**TABLO FRÈ VARYAB SELON DE REVNI- SÈVIS VIZYON WOUTIN**

<b>Tip Pwosed</b>	<b>Kategori I</b>	<b>Kategori II</b>	<b>Kategori III</b>	<b>Kategori IV</b>
<i>Egzamen Woutin pou Je avèk Refraksyon</i>	Rabè 70%	Rabè 40%	Rabè 30%	Rabè 20% disponib pou moun ki pa gen asirans
<i>Pwosed Woutin avèk Frè Laboratwa yo</i>	Rabè 50%	Rabè 40%	Rabè 30%	
<i>Ankadreman yo ak Vè Yo *</i>	Rabè 50%	Rabè 40%	Rabè 30%	Rabè 20% disponib pou moun ki pa gen asirans
<i>Vè Kontak *</i>	Rabè 20% disponib pou moun ki san asirans yo			

**\*Tanpri, sonje:** Ankadreman yo, Vè yo ak Kontak yo pa enkli nan rabè yo lè yo itilize yo ansanm ak lòt plan asirans ak/oswa lòt rabè.

**10. Apwobasyon Yon Sel Fwa pou Asistans Finansye pou Pasyan ki Andeyò Zòn Sèvis nou an oswa Moun ki Pa Sitwayen Ameriken ki Pa Abite nan Zòn Sèvis nou an Ankò**

- a. Pasyan ki abite andeyò zòn sèvis nou an epi ki resevwa sèvis ijan sanzatann ap elijib pou yo aplike pou Asistans Finansye WellSpan nan pou sèvis ijan yo sèlman. Pasyan sa yo dwe suiv tout kondisyon pwosesis Asistan Finansye MAP118 lan. Si l apwouve, n ap ofri elijibilite a pou dat sèvis ijan an sèlman.
- b. Pasyan ki pa sitwayen ameriken yo ki pa abite nan zòn sèvis nou an ap elijib pou aplike pou Asistans Finansye WellSpan pou sèvis ijan sanzatann yo sèlman. Pasyan yo dwe reponn ak egzijans pwosesis Asistans Finansye MAP118 la. Si l apwouve, y ap ofri elijibilite a pou dat sèvis ijan yo sèlman.

**11. Peryòd Retwo-aktif Pwolonje**

- a. Pou dat sèvis ki nan AR aktif ki apre peryòd retwoaktif Asistans Finansye nou an (yon lane anvan dat desizyon an), WellSpan pwal fè yon ajisteman ki baze sou

balans aktyèl ki dwe a selon de pousantaj ki apwouve a (100%, 70%, 40%).  
WellSpan pap ranbouse okenn peman ki fèt sou kont rabè yo.

Y ap fè ajisteman avèk kòd Epic: 9271

## **12. Rabè pou moun k ap peye ak pwòp lajan pa yo (San asirans)**

- a. Tout pasyan ki pa asire ap kalifye pou yon rabè san asirans 20%, kèlkeswa revni l.

Y ap fè ajisteman avèk kòd Epic: 5023

## **13. Charite Prezime**

Lè nou detèmine ke garan an pa elijib pou pi wo nivo asistans la:

- i. N ap notifiye pasyan an sou baz ki sèvi pou detèminasyon elijibilite prezime a.
- ii. N ap bay enfòmasyon sou fason pou aplike pou asistans ki pi jenere anba FAP.
- iii. N ap soulinye ki peryòd de tan ke garan an genyen pou l bay enfòmasyon ki nesèsè yo anvan ke nou kòmanse efò rekouvremant yo.

## **14. Kòmansman Aksyon Rekouvremant Ekstraòdinè**

- a. WellSpan Health pap pran Aksyon Rekouvremant Ekstraòdinè (Extraordinary Collection Acts, ECAs), ni dirèkteman, ni atravè ajans rekouvremant dèt ni okinn lot moun ke lopital lan voye dèt pasyan an bay.

## **15. Disponibilite Politik la**

Kontakte Sèvis Kliyantèl WellSpan nan sou (717)851-5051 ouwa (866)803-5337 pou jwenn enfòmasyon sou elijibilite ouwa pwogram ki ka disponib pou ou, pou ou mande pou yon kopi Rezime nan Langaj Senp la, FAP, fòmilè aplikasyon FAP la ouwa pou nou voye ou Politik Rekouvremant pa lapòs, ouwa si w bezwen yon kopi Rezime nan Langaj Senp la, FAP la, fòmilè aplikasyon pou FAP la ouwa Politik Rekouvremant an ki tradui nan lang Kreyòl. Divilgasyon konplè Rezime nan Langaj Senp la, FAP la, fòmilè aplikasyon pou FAP la ouwa Politik Rekouvremant an disponib sou [www.wellspan.org](http://www.wellspan.org). Ou ka jwenn yon kopi papyè de Revizyon Langaj Senp nou, FAP, fòmilè aplikasyon FAP la, oubyen Politik Rekouvremant an nan tout etablisman nou yo.

## **DEFINISYON:**

**Rezime nan Langaj Senp (Plain Language Summary, PLS)** vle di yon deklarasyon ekri ki enfòme yon moun ke WellSpan ofri asistans finansye anba FAP la pou sèvis lopital pou pasyan

ki entènè ak pasyan ki pa entènè epi ki gen ladan l enfòmasyon ki nesèsè pou yon moun aplike pou asistans finansye.

**Peryòd Aplikasyon** vle di peryòd ke WellSpan Health dwe aksepte epi fe yon desizyon sou yon aplikasyon pou asistans medikal anba FAP la. Peryòd aplikasyon an kòmanse nan dat pasyan an te resevwa swen an epi l fini sou 240<sup>yèm</sup> jou apre ke WellSpan Health bay premye relve fakti a.

**Dènnye Dat Pou Ou Peye Yon Fakti** vle di dat ke apre l fin pase WellSpan Health ka voye yon kont nan rekouvremant poutèt yon moun ki pote tèt li garan pa soumèt yon aplikasyon pou asistans finansye anba FAP la. Dènnye dat pou ou peye yon fakti endike nan yon avi ekri ke yo voye bay garan an epi yo bay li fakti an omwen ke 30 jou anvan dènnye dat sa, men pa pi bonè ke dat dènnye jou 120-jou aprè egzèyat la.

**Dènnye Jou Pou w Konplete Aplikasyon an** vle di dat ki vinn aprè dat WellSpan Health ka kòmanse ouswa reprann aktivite rekouvremant kont garan an ki te soumèt yon aplikasyon pou asistans finansye ki pa konplè anba FAP si endividi sa pa t bay enfòmasyon ki manke yo ak/ouswa dokiman ki nesèsè yo pou konplete aplikasyon an. Dat dènnye jou pou konplete aplikasyon an ap endike nan yon avi ekri epi li pap pi bonè pase sa k vinn pi ta ouswa: 1) 30 jou apre ke WellSpan Health bay garan an avi a; oubyen 2) dènnye jou Peryòd Aplikasyon an.

**Aksyon Rekouvremant Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Action's, ECA's)** vle di tout aksyon kont yon moun ki responsab pou yon fakti ki mande pou yon pwosesis legal oswa jidisyè oswa pou nou rapòte enfòmasyon ki pa favorab de garan an bay ajans rapò sou kosomatè yo/biwo kredi yo.

**Moun ki Elijib pou FAP** vle di yon garan ki elijib pou asistans finansye anba FAP la san sa pa regade si moun lan te aplike pou asistans.

**Politik sou Asistans Finansye (Financial Assistance Policy, FAP)** vle di Pwogram Asistans Finansye WellSpan Health la ki gen ladan l kritè elijibilite yo, baz ki sèvi pou kalkile frè yo, metòd pou aplike politik la ak mezi yo pou pibliye politik la, epi li etabli pwogram asistans finansye an ak gid revni yo.

**Peryòd Notifikasyon** vle di peryòd ke WellSpan Health dwe notifiye yon garan an de FAP pou nou te ka fè yon efò rezonab pou nou detèmine si garan an elijib pou FAP. Peryòd Notifikasyon an kòmanse nan premye dat moun nan resevwa swen an epi l fini nan 120<sup>yèm</sup> jou apre ke WellSpan Health bay garan an premye relve fakti an pou swenyaj lan.

**Sèvis Finansye pou Pasyan (Patient Financial Services, PFS)** vle di inite operasyonèl WellSpan Health ki responsab pou voye fakti bay moun ak rekouvremant kont mon k ap peye ak pwòp



lajan pa yo.

**Garan** vle di pasyan an ak nenpòt lòt moun ki gen responsabilite finansye pou yon kont ke yon moun pwal peye ak pwòp lajan pa li. Ka gen plis ke yon garan.

**Kont Yon Moun Ap Peye Ak Pwòp Lajan Pa li** vle di pati kont pasyan ki se reponsabilite endividyèl pasyan an ouswa yon lòt garan, total tout montan an ke yon asirans swenyaj lasante te peye oubyen yon lòt twazyèm pèsòn te peye (ki enkli kopeman yo, koasirans yo ak franchiz yo, epi total nenpot rediksyon ouswa anilman dèt ki te fèt ki gen rapò ak kont pasyan sa apre ke nou aplike Pwogram Asistans FAP la, si sa aplikab).